ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛЫСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОКI

№212 (22.620) ● 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 29, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ кыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр социально-экономикэ зыужьныгъэмкIэ зыхуэпльэхэм я IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2013 гъэм фокIадэм и 24-м *№260-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуэхэу:

2013 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм эхIэ кырикIуаэхэр;

2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр социально-экономикэ зыужьныгъэмкIэ зыхуэпльэхэр;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэу, республикэ программэ хэхауэ 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахьшIкIэ ягъэзэщIэну кьыхальхьэхэм я спискэр;

2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр къэрал (республикэ) Iуэхукъэ зыхуей продукцэу кьрагъэщэнымрэ ахэр зыхуэдизымрэ (адэкIэ - 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэхэм зыхуэпльэхэр).

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэзэн ящI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, республикэм хозяйствэ зезыхьэ и Iэнатlэхэм чэнджэщ етын продукцэ гъэхъэзырынымрэ кьеГъэщэнымкIэ, лжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ (Iуэхутхьбзэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ) зегурыIуэныгъэхэр щатхIэ 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм зыхуэпльэхэм и яп эквариантым тращIыхьыну.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэзэн ящI 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм зэфIагъэкIыну зыщыгугъ Iуэхухэм езыхэм я унафэм щIэт предприятэхэр щыгъуазэ ящIыну.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ФинансхэмкIэI и министерствэм (КIэрэф М. А.) хуэгъэзэн зыхуэфащэ ильэхэм ятеГщIыхьыуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щыгъэхильхьэкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал программэхэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахьшэр кьильытэну.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм зыхуэпльэхэм ящкIи иткIэ зыхуэфащэ муниципальнэ щIыналъэхэм я экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм зегъэужьыныгъэ зыхуэпльэхэр эхалхьэу кьащтэну икIи езыхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм щыIэ Iэнатlэхэм зэфIагъэкIын хуейхэм щыгъуазэ ящIыну.

6. «2013 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм и лъэныкъуэкIэ зыхуэпльэхэм я Iуэхукъ№» 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №254-ПП-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи 2013 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэмкIэ зыхуэпльэхэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахьшIкIэ 2012 - 2015 гъэхэм яГъэзэщIэн хуей республикэ программэ хэхахэм я спискэр щIэуэ къащтэн, мы Унафэм и гуэдзэнхэу №1-мрэ №2-мрэ зэритым хуэдэу.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Марьяш И. Е.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **МАРЬЯШ Иринэ**

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Республикэм законэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэлуIэр 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м КъБР-м и Парламентым и Уэрэм щекIуэкIынущ.

ЗэлуIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Лъэпкъ Iуэхум игъэпIейтейхэр

ДАХ-м и Хасащхьэм и зи чэзу зэлуIэр щэбэт кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, США-м, Адыгейм, КъШР-м, Краснодар крайм, Мэздэгу щIыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу зэхуэсым кьрагъэблэгъат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, ДАХ-м и тхьэмадзуэ щыгъэхэу, мджы IуэхуитIыр зэзыльхьэхэм чэнджэщэгъуэфIу ябгъэдэт Нэхуц Заурбий, Дзэмыхь Къасболэт, Ажахьуэ Къанцобий сымэ, нэгъуэщIхэри.

ХАСАЩХЬЭМ и лэжьыгъэм зи гуащIэ хэзыльхьэну, лъэпкъ Iуэхум игъэпIейтейуэ абы фIы хуэзыщIэну зи мураду гъэзэгу кIыхь къызэпызычахэми ящIэ лъапIэхэми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхьурокъуэ Хьэутий**.

Апхуэдэуи КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Правительствэм деж Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я зэпыщIэныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** къызэуэсахэм лэжьыгъэфI къайхьулIэну ехьэхъуащ. Абы къыхигъэщащ хэкум къэзыгъэзэжыну мурад зыщIахэми, иджыпсту СириемкъиlэпхьукIыж ди къуэшхэми я Iуэху зыIутыр КъБР-м и Iэтащхьэм и гулыIэтэ щымыщIэу, Правительствэм и нэIэ щIэту зэрекIуэкIыр, СХьР-м щыщу лей зытекьахэм ящыщ зыкъом унагъуэу зэрагъэтIысыжар. Аргуэру унагъуэ 60-м щIигъэм, Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ ищIа унафэм ипкъ иткIэ, унэ къызэрыхущащхэунур. Абыхэм кьалъыкъуэкI гугъуехьэхэр гъэзэкIуэжьныныкIэ Правительствэр дэIэпыкъуэгъу хъун хуеймэ, ДАХ-м хъыбар иригъащIэмэ, ехьэкI хэмылъу зэрызэфIагъэкIынур, ар КъБР-м и Iэтащхьэм япэ иригъэщ Iуэхухэм зэращыщыр кьыхигъэщащ Къуэдзокъуэм.

Махуэм зэрылажьэну яубзыхуэ жыпхъэм псори арэзы техъуэ нэужь, IX Конгрессыр зэрекIуэкIра Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэфIигъэкIа лжьыгъэхэм теухуа фильм кьагъэльэгъащ. Абыхэм щытепсэльыхьым, Сэхьурокъуэм кьыхигъащ Iуэхум щыпэрыхьэм кьалэн кьыщащIахэмрэ ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым зэхилъхьа планымрэ зэфIэхьным иужь зэритар, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм, адыгэ Iуэхум, къэрал пщэрыльхэм, жылагъуэ зэхьыхьэхэм я гуащIэ зэрыхалъхьэр, гулыIэтэншэу зыри зэрыбламыгъэкIыр дыщIигъащ.

Иужьрей илъэситIым адыгэхэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхум тепсэльыхьыныныкIэ кьыщIадзащ Хасащхьэм хэтхэм я зэIуIэр. Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр зыхэхуа гугъуехьэмрэ ахэр я адэжь щыналъэм кьэIэпхьуэжьныныкIэ ялэжьхэмрэ теухуауэ япэу къэпсэльащ СХьР-м щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Гугу Акрэм**. Абы жиIащ гуэзвгъуэр кьызэрыхъу лъандзрэ ядэIэпыкъуэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэми, Урысей Федерацэм исхэми, зэкъуэш хэгъуэгурхэм я Iэтащхьэхэми Дамаск щылажьэ щэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ зэрахуищIыр. КъБР-м и Унафэщым, ДАХ-м и тхьэмадэм, КъБКъУ-м и ректорым хуабжьу зэрахуэзарзэр кьыхигъэщащ, адэжь хэкум кьэкIуэжьахэм гуапэу зэрапежьам, унэлъапэкIэ кьызэгъэпэщыным зэрелIапIэм, щIалэгъуалэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным зэрегугъуи, кьуэш гумащIэу зэракъуэувам щхьэкIэ. Зи щхьэр мафIэм кьыхьэзыха адыгэхэм я Iуэхур нобэкIэ здынэсам арэзы кьыззэрищIыр, иджыри кьэс хуащIар зэрызэхащIыкIар кьыхигъэщащ Гугум.

(Кlэуэлыр 4-нэ нап.).

● Гу зылъытапхъэ

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм я зэIущIэу жэпуэгъуэм и 26-м Налшык къалэ щекIуэкIам къыщащта унафэхэр:

■ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ щыIэхэм захуэгъэзэн. СХьР-м кьикIыжу зи адэжь щыналъэм кьэIэпхьуэжхэм я Iуэхур ядэгъэпсынщIэныкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну, къэIэпхьуэжахэр унагъуэу тIысыжьын папщIэ зыщIагъэкъуэну ельэIун Адыгэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я Iэтащхьэхэм;

■ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ ильэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIынухэм теухауэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыхильхьа программэр гъэзэщIэн;

■ Адыгэбзэр Урысей Федерацэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу щэрджэсхэмрэ яхьумэным хуэунэтIа лъэпкъ программэр кьащтэн, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм зэхильхьа проектыр и лъабжьэу;

■ «Адыгэ лъэпкъым и дунейпсо махуэр» ильэс кьэс фокIадэм и ещанэ щэбэтым гъэльэпIэныр гъэувын. А махуэм щIэнIуатэхэр, фестивалхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, гъуэзджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм я концертхэр, лъэпкъым и цIыху пажэхэр гъэльэпIэныр адыгэ щыпсэу дэнэ кьэрали щегъэкIуэкIын. А махуэр адыгэхэр зэхъуэзыгъэувэ, кьэзыгъэщIэрэщIэж, бзэр, щэнхабзэр, хабзэр хъумэныкIэ, лъэпкъым нэхъри зиужьыныкIэ хэкIыпIэфI хъун хуейщ;

■ ДАХ-м и япэ президент Кьалмыкъ Юрэ кьызэральхурэ ильэс 80 зэрырикъур гъэльэпIэныр (2014 гъэ, щышылэм и 1) кьызэгъэпэщын;

■ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьжь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Кlыщокъуэ Алим кьызэральхурэ ильэси 100 зэрырикъур гъэльэпIэн, 2014 гъэр абы и дунейпсо ильэсу гъэувын;

■ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр кьызэрызэрагъэпэщрэ 2013 гъэм ильэс 80 зэрырикъум ипкъ иткIэ, «Адыгэ лъэпкъым и хьуГуэфIыгъуэ» цIэ лъапIэр абы фIэщыныкIэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыхильхьар дэIыгъын.

● Дунейпсо фестиваль

«Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр»

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щызэхащIыжащ «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» III дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр.

ДУНЕЙ псом и къэфакIуэ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр утыку кьыщрахьа зэхьыхьэр гукъинэжу екIуэкIащ.

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и солист, зэхэтякIуэ Дер Мухьэмэд утыкум гуапэу кьригъэблэгъащ Тыркум («Pendik Halk DanslarIToplulugu»), Франджым («Ballet de Savoie»), Хорватием («Zagreb Folk Dance Ensemble Dr. Ivan Ivan an»), Филиппинэм («The Halili-Cruz Dance Company») я къэфакIуэ гуп нэхъыфIкIэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** и псалъэм къыкIугъащ къафэ дахэхэмкIэ, гуфIэгъуэкIэ, дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа фестиваль махуэхэр псынщIэу зэрыблэлъэтар.

- НэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэр хэдгъэзгъуэзащ Кавказым исхэм хьащIэхэм хуащI пщIэм, гулыIэтэм, республикэм и зыужьныгъэм, къафэ гъуазджэм. «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» фестивалыр ильэс къэс кьыззэдгъэпэщыну си гуапэщ. Зэхьыхьэм кIуэ пэтми зеубгъу, щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ мэхьу, - жиIащ Къуэдзокъуэм.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд утыкум кьригъэблэгъащ фестивалыр кьызэрагъэпэщынымкIэ къадэIэпыкъуа, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ульянов Юрэ**. Абы хуагъафэщащ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» III дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр егъэкIуэкIыным жыджэру зэрыхэтар, КъБР-м и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар кьалъытэри.

(Кlэуэлыр 2-нэ нап.).

Дунейм щыхъыгъэархэр

ЛэжьапщIэхэм хагъэхъуэн щхьэкIэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий Iэ тридзащ бюджетым кьыхэкIыу улахуэ зратхэм я лжьапщIэхэм хухагъэхъуэным трагъэкIуэдзну сом мелард 40 щIыналъэхэм яхуэутIыпщынымкIэ.

Ахьшэ нэхьыбэ дыдэ хухахащ Тэтэрстан, Саха (Якутие), Дагъыстэн республикэхэм, Челябинскэ областым, Забайкальскэ крайм. Дотацэхэр хуаутIыпщынукъым хэхъэшхэу зиIэхэу, зыхуейхэмкIэ зыкъыхэзыгъэпэщыжьфхэу Москва кьалэм, Тюмень областым, Ханты-Мансийскэр, Ямало-Ненецкэ автономнэ округхэм, апхуэдэуи къэрал бюджетым щыщу ахьшэщхэу дыдэ зэпымыуэ зрат Ненецкэ автономнэ округым.

Маргвелашвили Георгий щытокIуэ

Жэпуэгъуэм и 27-м Куржым президент хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ.

Я ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм кьызэритамкIэ, къэралым щыпсэухэм я процент 46,6-рэ кьекIуэлIащ Iэ щаIэт щIыпIэхэм. Бюллетень псоми я процент 97,09-р кьабжа нэужь наIуэ кьызэрыхъуамкIэ, Iэ зыIэтахэм я процент 62,17-р и телъхьэу кьыщIэкIащ «Куржыкъэм я хьуэпсапIэ» партым кьигъэлъэгъуауэ зэхэныгъэхэм хэта Маргвелашвили Георгий. Абы кьыкIэлъокIуэ хэхакIуэхэм я процент 21,65-м Iэ зыхуаIэта Бакрадзе Давид-рэ проценти 10,06-рэ зи телъхьэ Бурджанадзе Нинорэ.

Маргвелашвили ригъэкIуэкIыну къэрал щIыб политикэр зыхуэдэнур гурыIуэгъуэ кьалъытэ политологхэм - ар хущIэкъуныщ НАТО-мрэ Европэ зэгухьэныгъэмрэ нэхъ гъунэгъу зэрызахущIыным. Урысейм и гугъу щIыIамэ, президентыщIэм и мурадщ абы гъунэгъуфIым хуэдэу хущытыну.

Маргвелашвили Георгий и кьулыкъум щыпсэухьэну махуэри яубзыхуащ - ар щэкIуэгъэуэм и 17-рщ.

Жьапщэшхуэм и зэранкIэ

Европэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм жьышхуэ кьыщопщэ, зы секундым метр 44-рэ щихуабжьагъи кьхъуу. Абы и зэранкIэ ягъэIэпихьуащ авиарейс пщIы бжьыгъэхэр. мафIэгуэхэм я лэжьыгъэри къыщыщIэтрагъэувыIащ щIыпIэ куэдым.

Жьапщэшхуэм и зэранкIэ уэздыгъэнщэу кьэнащ Франджым щыщ унэ мин 60-м щIигъу, Инджылызым а бжьыгъэр 200-м щынос, абы зы хьыджэбзи щыхэкIуэдауэ кьат.

Борнымк1э ижь Санкт-Петербургри кьыщIихуну кьалытэ. Финкэ псыдэлъэдапIэм щызеуэ жьым псыр кьрихужьэу кьалэм кьыдэуэну хуагъэфащэ синоптикэм икIи щIыхьхэр сакъыну кьыхураджэ.

Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Парламентым и депутатхэм я ящIэн папщIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и ныбжьыр ильэс 80-рэ ирокIу.

Дунейм и щыгъуэм

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIэну щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 17, жэщым градусы 8 - 11 щыхьэунущ.

Зыхэхьэзыр **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ.**

НОБЭ

●**Тыркум и лъэпкъ махуэшхуэщ - Республикэ щыхъуа махуэщ** (1923 гъэ)

●1696 гъэм Петр Езанэм и жэрдэмкIэ Урысей Флотыр кьызэрагъэпэщащ.

● 1943 гъэм Налшык ФЗО (фабрикэхэм, заводхэм я лэжьакIуэхэр щагъэхьэзыр) школ кьыщызэIуахащ.

●Жэпуэгъуэм и 29 - 31-хэм Лондон (Великобритание) щекIуэкIынущ «Зызыхьуэж дунейр: зэхущытыкIэщIэхэр» зыфIаща IX Дунейпсо ислъам экономикэ зэхуэсыщхэр.

●Жэпуэгъуэм и 29 - щэкIуэгъуэм и 15-хэм Венэ (Австрие) щызэхэтынущ Афиням кIэльыплъынымкIэ дунейпсо советым и 108-нэ сессиер.

●Академик, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, политик **Примаков Евгений** и ныбжьыр ильэс 84-рэ ирокIу.

● АР-м и цIыхубэ тхаIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пилип Сэфар** кьызэральхурэ ильэс 83-рэ ирокIу.

●Юрист, къэбэрдей тхаIуэ **Сэрахьэ Александр** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокIу.

●КъБР-м и щIыхь зиIэ и артистэ **Балькъэр Тамарэ** кьыщальхуа махуэщ.

●Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм и унафэщI **Набиуллинэ Эльвирэ** и ныбжьыр ильэс 50 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хамэ ахъшэ зепхьэмэ, уи жьпыр гъуанэщ.

Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьахэм я фэеплъу

ХьэтIохьущокъуэм и цIэр зэзыхъэ хадэм щыIэ Мыужьыхьж мафIэм пэгъунэгъуу щагъэува «Фэеплъ мывэм» деж жэпуэгъуэм и 30-м сыхьэти 10-м щекIуэкIынущ Политикэ залымыгъэм икIуэдыкIахэм я Урысейпсо махуэм теухуа пэкIу.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Комсомол. Щалэгъуэ. Зэман дахэ 95

Ахэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым

Комсомолым и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIащ Граждан зауэм хэкIуэда комсомолецхэм я фэеплъым дж.

- ПЩЩЭ зыхуэтщI ныбжьыгъуэр, 1918 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м щыщIадзауэ къэралым Комсомолым и махуэр щагъэлъапIэ. Совет Союзым и щIыху мелуанэ 200-м щIигъу комсомол зэгухьанныгъэм хэтащ. ПщIэрэ щIыхьрэ къэзылэжьа а щIыху гуащIафIэхэм я Iуэхущафхэм я щIэхэмрэ зэхуэдэ щIыгъуэ къыхэнащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолецхэм я лэжьыгъэфIыр къалъытэри, орден, медаль, нэгъуэщI дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащэу щытащ, ВЛКСМ-м хэтхэр къэралым зэрызрагъэужьыным, ар зэрызрагъэфIекIуэным хущIэкъуу зэрыщытар, абыхэм кьалэхэр зэраухуар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Тхыдэ фэеплъым дежь нобэ дыщыщIыщэхуэсари комсомолыр дигу кьэдгъэкIыжьын папщIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомол зэщIэхъеенныгъэм и ветеранхэм къабгъэдэкIыу ВЛКСМ-м и махуэмкIэ сыныводхуэхъу, узынщагъэ, гуфIэгъуэ, зыужьыныгъэ фи куэдыну си гуапэщI. - жиIащ КъБР-м щIыхухэм я хунтыныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис.**

Зэхуэсахэм я псальэм кьыхагъэщащ комсомолым хэтхэр щIэбгъэн я щапхъэу, Хэкур фIыуэ ильагъуу, лIыпIэрэ хахуагъэрэ ихьатIу кьыхэзрекIуэкIар. Гуэзвэгъуэ хэхуахэм сыт щыгъуи дэзэпыкIыэгъу яхуэхъуну хьэзыр комсомолецхэм фIыщIэрэ щIыхьрэ зэрахуэфащэри жаIащ.

Пэкlум кърихьэлIахэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэда комсомолецхэм я фэеплъым уда гъэгъахэр трапъхащ, оркестрым и макъыкъым щIэту. Афган зауэм хэкIуэдахэм, Ленинным хуагъэуза фэеплъхэм я дежи а махуэм уда гъэгъахэр щагъэтIылъащ, зы дакьнихъэкIэ щыгъуащ.

Зэхьихьым хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд,** КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм и япэ секретарь **Пащты Борис**, комсомолым хэтахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
МАМИЙ Руслан *трихащ.*

Комсомолым и ильэс 95-рэ зэрырикъуэ ирихьэлIэу КъБР-м Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творчествэмкIэ я республикэ унэм щIэзэхуэсащ ильэс зэхуэмыдэхэм комсомолым хэтахэмрэ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуэ-р палатэм щыщхэмрэ.

ВЛКСМ-м иджыпсту цIыхухэр зэрепльыр зэтехуэркъым. Аращ зэIущIэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу кьалытар ЩIалэгъуалэ палатэм и ГущIыкIуэхэм. «Комсомолым и пIалъэр зыщIэхэм я гупсысэ зэхэтхыну, я Iуэху епльыкIэм зыщыдгъэгъэну дыкуейщ», - кьыхагъэщащ абыхэм.

Зэйущ1эм кьеблэгъащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан,** ЦIыхухэм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Зумакулов Борис**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд,** КПРФ-м и республикэ комитетым и япэ секретарь **Пащты Борис**, КъБР-м и Парламентым Щ1алэгъуалэ IуэхущафхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Хъэщхъуэжь Татьянэ,** Парламентым и Унафэщым и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ,** Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ къэрал комитетым и унафэщIу щыта **Уэлджыр Жыласлъэн,** педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор **Емуэ Нинэ**, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Джаш ФатIимэ,** комсомолым и Iнатlэ зэхуэмыдэхэм ильэс куэдкIэ щыIэжьа **Сэбаншы Роэ**, КъБР-м Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творчествэмкIэ я республикэ унэм и унафэщI **Кьалмыкъ Кларэ,** лэжьыгъэм и ветеранкэу **Жыдкэт Александр, Безбородый Игорь, Мэрзей Залымджэрий** сымэ.

Хьэщ1эхэр пшыныгъэхэм кьаратхэзблагъащ. Зэйущ1эр щекIуэкIа пэшым и щIыхьэпIэр комсомолым теухуа куэд кьыбжезыIэ сурэтхэмрэ дэфтэр тэрэзыIэгъуэнхэмкIэ ягъэщIэрэщIат.

Зэйущ1эм зыхуигъэувыжа мурадхэм теухуауэ...

Зэхуэсыр щIимыдзэ щIыкIэ абы зыхуигъэувыжа мурадхэм теухуауэ хьэщIэхэр журналистхэм ядгъэщIащ.

Хьэщхъуэжь Татьянэ:

- Мыбы кърагъэблагъащ ильэс зэтемыхуэхэм комсомолым хэтахэр. Нэхъыжьхэм хьэухьу псалъэ хужаIэн, яхуэфащэ фIыщIэ хуащIын кьудейуэ яракьым, атIэ абыхэм я псалъэ Iущхэм, я чэнджещIэхуэныкъуэ нобэрей щIалэгъуалэр.

Зумакулов Борис:

- Комсомолым нэхъ лъапIэ дыдэу хэлъыр? Абы хэта дэтхэнэми и гум хэку лъагъуныгъэ ин ильащ. Абы щыгъуэ щIалэгъуалэм я гур утIыпщат, псэйи IуэхуэкIи зыужьыныгъэ ягъуэтыгъат. ФIыуэ тлъагъурт Совет Союзыр. А зэманыр дигу кьыщыдгъэжьыжкIи, псэм щыз мэхъу Iэфыгъэмрэ гуапагъэмрэ. Балигъ дыхьуащ, гъащIэ тлъагъуащ, ди нэгум куэд щIэжащ, ди щхьэцри кьетхъуащ, итIанри, а гуькIэкIыжьым зы тельыдж гъэрым дыхеIэжж, щIалэ дещIыж. Пэжщ, щыхъуэхэр щытIащIэ-кIаи, Iуэхум бгъэдыхьэкIэ тэмэм кьыщыхуэдмыгъуэтыфаи кьэхьуащ. Ауэ ахэри тхуэгъэзэжьуэжыт. Щапхъэ хьын куэд хэльащ комсомолым. А щапхъэхэр я гум нэтхъэсыну, тхыдэм хэдгъэплъэжьыну, дгъэгупсысэну дыхуейщ нобэрей щIалэгъуалэр.

ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэ:

Зэйущ1эр зи жэрдэмыр ЩIалэгъуалэ палатэрщ. Нобэ диIэщ щIалэгъуалэ зэгухьанныгъэ куэд: «Урысейм и щIалэгъуалэм я союз», «Хэкупсэ», «Псэ кьабзэхэр», нэгъуэщI-хэр. Дэтхэнэми и лэжьыгъэр Iуэхугъуэ щхьэхуэ гъэрым теухуауэ. Хэт спортым, хэт политикэм, хэти щэнхабзэм дежьхэ. Ди гуапэщ комсомолым хэтахэм я Iуэху епльыкIэхэм, гупсысэкIэхэм щыгъуэзэ зыхуэтщIыну, ар ди лэжьыгъэкIи, гъащIэ гъуэгуфIи кьытхуэсэбэпынущи. Дыхуэныкъуэщ нэхъыжьхэм я чэнджещI.

УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Зэйущ1эр гъэщIэгъуэну екIуэкIащ: щIалэгъуалэр куэдым щIэупщIащ, ВЛКСМ-м и тхыдэм щыгъуэзэхэм жаIэжьи яIэт.

- КъБР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм и гукъэкIыр псоми гуапэ тщIыхьащ. Мыбы кърихьэлIа дэтхэнэми республикэм и Парламентым кьыбгъэдэкIыу щIэныгъэ зэрыщIэтам щэч хэльхьым.

- Зым адрейр зэхэтщIыкIыу, зыхэщIэщIакъуэу, дызэкъуэту, дызэрыщIэу дигъэзащ комсомолым. Арат нэхъыщхьэ дыдэу абы кьытхуищIэфынур. Цыхуэгъэрэ гулыитрэ кьытхилъхьащ комсомолым, - дыщIигъуащ абы Пащты Борис:

- Комсомолым хэтхэм Алыхьыр я фIэщ мыхъуу щытауэ жаIэ. Абы теухуауэ сыт кьыджефIэн? - щIэупщIащ щIалэгъуалэр.

- Дэтхэнэ цIыхуми фIэщхъуныгъэ хэльын хуейщ, щэч хэмылъу. Хэмтэгъупсысэр нэгъуэщIи: сыт уи фIэщ пщынур? ЩыIащ зэман, коммунист идеологием гъащIэр щIэнагъэ и лъэныкъуэкIэ фIэкIа кьыщимыщыта. Сэри абы срительхьэщ - щIэныгъэрщ сытым дежи япэ изгъэщар - аращ си фIэщ сщIыр. Нобэ Iащ къэзыщIэну мэхъыр щIэлъэджэхэм я фIэщхъуныгъэм нэхърэ нэхъ тэмэмщ ар, - жиIащ Мэрзей Залымджэрий.

Зэйущ1эм къырихьэлIат Налшык кьалэ щыIэ «Журналист ныбжьыщIэхэм я клубым» хэтхэр.

- Комсомол насыпкIэ зэджэр сыт? Щыlэ апхуэдэ? - щIэупщIащ ахэр.

- Си комсомол гъащIэр щхьэлым, си студентныгъэм нэхъ епхауэ щытащ. Комсомол насыпыр - ар ныбжьэгъуэгъэ быдэщ, щIалэгъуэ дахэщ. Махуэ кьэс Iуэху гуапэ гуэр дгъэжьыну ди гур пхъэрыт, - жиIащ Саенкэ Татьянэ.

Иджырей щIалэгъуалэр - нэхъыжьхэм я нэкIэ

Хьэщ1эхэр кьытеувыIащ иджырей щIалэгъуалэр кьаззрыщхьхъум.

Жыдкэт Александр:

- Язныкьуэхэм жаIэ иджырей щIалэгъуалэр щIэныгъэншэу, хуэмыхуу. Ар пэжкъым. Иджыпсту ди республикэм щыIэщ щIалэгъуалэ зэгухьанныгъэ 14. Ахэр къэгъэсэбэпауэ, ныбжьыщIэхэр, лэжьыгъэм кьыхуеджэн, хэщэн хуейуэ кьэзылытэ. Сыт абы кьинкIыр? ЩIэблэр гъэсэн хуейщ езым и щхьэ Iуэху зэрихуэжьыфу, лъэпкъым Хэкуми сэбэп яхуэхьуфу. Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэхуэку зэгугъэмыдIуныгъэ кьыщыдэмыхъуа зэман щыIакъым. Цыхуэр хуейщ езым нэхърэ и быныр нэхъыфI кьыщIэхьэ, щIэныгъэкIи, Iэщ1агъэкIи, хьэл-щэнкIи) ильагъуну. Аращ щIызэгурымыIуэм и щхьэусыгъуэр. Нобэрей щIалэгъуалэм, дыфхуэзгъэзащ. Ауэ дыхуейщ фытIылагъуну нэхъри нэхъ жыдкэрэ, зэхэщIыкI фитIу.

Пащты Борис:

- Жыдкэрагъ зыхъэлъ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр хъарзынэ диIэщ нобэ. Льагъуэ тебгъэуэзмэ, бунэтIмэ, абыхэм яхуэзфIэмыкIым щыIэу си фIэщ хъуркъым. Дэтхэнэ Iуэхуми я Iэщ1ыхьащхьэр дгъэхьеуэ пэрыувфыкIуэ аухэр, фейдэ кьахуэхэкIын-кьахуэхэмкIыным емыгупсысу.

Уэнджик Жыласлъэн:

- Мы зэйущIэр кьытхуэщхьэпэнущ нэхъыжьхэмэ нэхъыщIэхэмэ. Нэхъыщхьэмрэ дэрэ дызэзэщIелъэжьуэт ди щIалэгъуэр зыхуэфыбда зэманым кьигъэуву щытахэмрэ фэ фызыхэпсэукI гъащIэмрэ зэрызэхуэмыдэм. Аращ ди зэхуэку зэгурымыIуэныгъэхэр кьыщIидзэкIуэр, ди Iуэху епльыкIэ щызэтемыхуэ кьыщIэхуэр.

Сыт ар кьызыхэкIыр? Дэ ди Iуэхур нэхъ тыншт, ди щIыбагъым кьытщIэхъущIыжьын кьэрал лъэщ кьызэрыдэтыр тщIэрти. Ар сыт хуэдэ IуэхуэкIи кьыткъуэувэрт. Дауи, апхуэдэу улэжьэныр нэхъ тынщ. Дызыпэрыт Iуэхур цIыхубэм кьаззрыхуэщхьэтэнур, абы хьэр зэрыпылъыр хьэнкъуэ тпхыкIырт. Арат дыкъыщIимыкIуэтыр.

Фэри комсомолым и Iэужьхэр кьыфщхьэпэнущ, фы и лъэныкъэкIэ ахэр кьыфхуэгъэсэбэпынущ. Комсомолым и лэжьыгъэм щIэныгъэ куу хэлъу щытащ. Абы и гъэпсыкIэмрэ кьыгъэсэбэпу щыта Iэмалхэмрэ щыгъуазэ зыхуэфащ, феджэ - абы фи кьэужьар нэхъ кьулей зэрищIынум щэч хэлькъым. Псом ящхьэращи, лэжьыгъэм гупсэ псэкIэ фыбгъэдэту фигъэсэнущ.

Зэйущ1эр зыгъэдэхахэр

Зэйущ1эм хэта сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ усэ кьеджащ, комсомолым теухуауэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэри утыку кьэрагъащ. Абыхэм удэ гъэгъахэр тыгъэ хуащIащ комсомолым и ветеранхэм. Кьуэдзэ Iэбубэчэм зи унафэщI «Маякъуэ» щIалэ Сечевэ Рэшэ хэтхэм я пшынэхэм кьиубэгъэрэбзыкI макъамэ дахэхэм хьэщIэхэр кьыдгъэфащ. «Арадбеск» кьэрэгъуэм и макъэлыр валыс къэфащ, езы сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ адыгэ кьафэ ягъэзэщIащ. УэрэджьыдIуэ Сечевэ Рэшэ кьеблэгъащхьэ игъэгуфIащ комсомол гъащIэр гуапэу кьызыхэщIыж уэрэдзмкIэ.

ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм саугъэтхэр хуащIащ хьэщIэхэм. Зумакулов Борис езым и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыльхэм-тIу ер гуэрэщ ныкIэжьащIэхэм. Махуэр гуфIыкIэ ящызыщIын сурэтхэри зытратхэхащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

★★★

Тхыдэм фриплъэжьынумэ...

● Тхыгъэщ1э

Комсомолыр ильэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Налшык «Тетраграф» ООО-м «По страницам истории комсомола Кабардино-Балкарии» тхыльыр кьыщыдэкIащ.

АР ЗЭХИГъЭУВАЩ комсомол зэщIэхъеенныгъэм жыджэру хэта Зумакулов Борис И зэманым Зумакуловыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и ВЛКСМ-м и обкомым и япэ секретареу Лениным и цIэр зезыхьа урысейпсо пионер зэгухьанныгъэм и Совет нэхъыщхьэм и унафэщIым и япэ къуэдзэуи щытащ.

«Комсомолым и тхыдэ» напэкIэуцIэхэр кьызэдэзэкIыжу», «Комсомолым и зэманыр диу гъэзэкIыжу» IыхьэхэмкIэ игъэша, гуэдзэни зыхуищIыжа тхыльымкIэ абы Iуэхугъэ куэд дыдэ кьызэщIиубыдащ. «...Комсомолым и ветеранхэм я щIэхэр иджыри зэ фигу кьэзгъэкIыжьыну, ильэс зэхуэмыдэхэм комсомолым хэтахэм я гъащIэм щыщ Iуэхугъуэхэм фризгъэпльэжьыну сыхуейщ. Апхуэдэуи, иджырей щIалэгъуалэм щIэзгъэгупсысмэ си гуапэщ абыхэм я адэшхуэхэмрэ адэхэмрэ, анэшхуэхэмрэ анэхэмрэ я гъащIи я Iуэхуи етауэ, хуей хъумэ, адэжь щIыгур яхъумэным хуэхьэзыру кьызэргъыгуэгурыIуам...», - жеIэ тхыльыр си Iэдакъэщ1экIым. Мыбы кьыщыхьащ зытепсэльыхьхэм ятеухуа дэфтэр гъэщIэгъуэнхэмрэ сурэтхэмрэ.

КЪАРМЭ Сипсэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** трихащ.

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр»

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Гулъытэ къызэрыхуэфащэр гуапэ дыдэ сщыхъуащ. Дэпэкіи дуней псом, республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным сызыгъэлэжьнущ. Кьафэ гъуазджэр фІыуэ зыльаГъу налшыкдзэхэм Іуэрыіуатэ фестивалыр къызэгъэпщыныМкІэ щыІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІым къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэзощІ зэхьихьэхэм фызэрыхэтам, нэгъуэщІ щыналъэхэм кьиКІа гупэхэр гуапэу къеВгъэблагъэуэрэ зэрытебгъэгушхуам папщІэ. Фестивалыр гъэ къэс нэхъ гъэщІагъэныжу къызэдгъэпэщыну, дуней псом и къафакІуэ гупыщІэхэр кьыхэтшэу абы зедгъэужьыну ди мурадщ. КъБР-м и Правительствэм, абы и Унафэщым и Іуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, министр Фыерэ Руслан фІыщІэ яхузощІ, фестивалыр егупсыу къызэрызэрагъэпэщам папщІэ, - жиІаш Ульянов Юрэ.

ХьэщІэхэм зэхьихьэм щагъэльэгъуащ лъэпкъэм и къафэ гъуазджэм и дахагъыр, и фІыпІэр. Къэрал щхьэхуэхэм кьиКІахэм я лъэпкъ фащэхэри гъэщІэгъуэнт. Псалъэм папщІэ, Франджым и «Савойя» гупым я фащэр XIX лІэщІыгъуэрц щадар. Къэфакіуэхэр Франджым зэрыгъэжьу, я фащэхэр щахъумэ музейм иратыжынущ.

Фестивалым хэта кьафакІуэ гупэм я художественэ унафэщІхэр утыкум къраГъэблагъащ. Абыхэм зэхьихьэр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ хуащІа нэужь, жаІащ республикэм исхэм кІэлъыЗэрахьа хабзэмрэ далъэгуэ гуапагъэмрэ зэращымыгупщэнчр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я щэнхабзэ зэхьихьэм зэрыхэтам щІыналъэхэм яку дэпъ зэпыщІэныгъэр нэхьри игъабыдзну, фестивалым гуфІэгъуэ, зыужьныныгъэ къриКІуэну зэрыщыгуГъэр, Къэрэдей-Балъкъэр Республикэм иджыри къытрагъэзэну зэрагуапэр.

Фырэ Руслан къыхигъэщащ етІанэгъэ ираГъэкІуэкІыну «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым Аргентинэм, Франджым, Тыркум, Хорватием, Филипинэм я къафакІуэхэм зыкьрагъэхьэлІэну зэригуапэр. Зэхьихьэм хэта гупэхэм я художественэ унафэщІхэм Фырэ Руслан УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм я ЩІыхь тхыльхэр яритащ, фестивалым жьыдзэру зыкъызэрыщагъэлъэпсыгъуам папщІэ.

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым хьихьу, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІа «Дунейпсо тхыпхъэхэр» зэхьихьэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм кьиКІа къафакІуэхэм гукьинэж зэращыхъуар жаІащ. Лъэпкъ фащэхэр къызэрежьам, абыхэм нэхъыпэм яІа мыхьэнэмрэ нобэ къызэрагъэсэбэпымрэ теуХуауэ хьэщІэхэр зрагъэдэІуамрэ декоративно-прикладнай гъуэзджам и хьэпшып зрагъэлпъхьэмрэ ягу ирихьащ. Апхуэдэу яфІэгъэщІэгъуэн хъуащ хьэгъуэлІыгъуэм хьихь хабзэ дахэхэм ящыщ зы Іыхьэ - унэишэ тепІъэгъуэр, лъэпкъ шхыныгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр. Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс Іэщым и тхыдэм, КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий Кавказым исхэм хьэщІэхэм кІэлъызэрахьэ хабзэхэм зэрыхагъэгъуэзэр, гуІэльэ зи хуащІу унагъуэм иІъым я нэхъыфІ дыдэр зкъаухъэкІуаэм эрыхуагъэфащэр гуапэ ящыхъуащ.

ХьэщІэхэр республикэм и районхэм шыгъуПластэкІэ ираГъэблагъэри, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэм зыпыт Іэнэ бедыиуэт къыхуагъэуващ. Бысымхэмрэ хьэщІэхэмрэ абдеж нэхъ гъэнэгъуу щыІэзэрыщІыхуащ, я щыІэкІэ-псэукІэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, егъэджэныгъэм, спортым, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм теухуауэ зэпсэльащ, я уэрэдрэ кьафэрэ ягъэзэщІащ. Абыхэм зышрагъэлпъхьащ республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ щыІэ музейхэм, курыт еджапІэхэм, Щэнхабзэмкіэ унэхэм.

Фестивалыр щыІэзэращымкІэ, абы хэтахэр «Балкария» къэрал академическэ ансамблым и гъусэу уджэхэ кьафащ. Я фащэкІи, зыщыщ щІыналъэкІи, лъэпкъкІи, зыныГъыкІэкІи, зэрыт динкІи зэхуэмыдэ кьафакІуэхэр зэІэпэгъуэ утыку зэритым укІалъэпльыну куэд и уасэт! Кьафэр бзэ зэрыхуэмейм гу лъытпэрт. Зэкьоеэр ягъэдэхащ республикэм и кьафакІуэ, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Футбол

Руа Карлос (№53) кІэух бжыгъэр 3:0-м негъэс.

Щыхуп!эм къыщхьэщокІуэт

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» Санкт-Петербург) - 3:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 27-м. Цыху 800 еплъащ.

Судьяхэр Харламов, Чельцов (тІури Мэзкуу щыщІ), Крохин (Калининград).

«Спартак-Налшык»: Степанов, Рогочий, Засеев, Абазэ, Гарбуэ, Чеботару (Галин, 86), Руа, Коронов (Буйтрагэ, 83), Щэуей (Гуэщокъуэ, 78), Медведев, Сирадзе (Аверьянов, 65).

«Динамо»: Самохвалов, Кулеша, Ідову, Васильев, Сурков, Матрахов, Сушкин, Гиголаев, Егоров, Есин (Маматюк, 45), Матяш.

Топхэр дагъэкІащ: Коронов, 17 (1:0). Щэуей, 43 (2:0), Руа, 55 (3:0).

Дагъуэ хуащІащ Абазэмрэ Гиголаевымрэ.

Налшыкдзэхэм я ебгъэрыкІуэнигъэ лъэщхэм хьэщІэхэр зэрыпщІэтыфар дакьикъэ пщыкІублкІэщ. Коронов Игорь ижьырабгъумкІэ кІуэцІрыкІыу лъэщу еуэ иужькІэ бжыгъэр кьыззэІуха хьуащ.

Загъэпэхуну иКІыным нэблэгъэуэ, Щэуей Алихьан кьыхэжаныкІащ. ДжэгунІэ губгъуэм икуэм абы топыр и хьэрхуэрэгъуэхэм кьащыІэщІхащ икІи апхуэдэ щІыкІэкІэ къыщІидза ебгъэрыкІуэныгъэм езым кІэух дахэ иритыжащ - 2:0.

ЗыщІэм и етІуанэ Іыхьэри хэгъэрейхэм я тепщэныгъэкІэ екІуэкІащ. Икіи Руа Карлос бжыгъэр 3:0-м нигъэса нужькІэ «Динамо»-р ужьхьипащ. Адэкіэ псори гурыІуэгъуэт. Бжыгъэр нэхъ иныжи хьуфынут, арщхьэкІэ Аверьяновыр зэрыраудам кьыхэкІыу судьям кьарита пенальтир Короновым тэмэму кьыхуэгъэсэбэпакъым. Ар зэуа топыр перекладнэм техуащ.

ТекІуэныгъэр зэрапщІэмыкІыжьныр кьащыгурыІуэм, ди тренерхэм я футболист нэхъыфІ зыбжанэм зрагъэгъэпсэхуну Іэмал иратащ. Адрей кьинхьэрэ хэмыхуэкъым, ауэ бжыгъэмэ зригъэхъужакъым.

Арати, иужьрей джэгуГъуэхым зыщыІу 3-м я хьэрхуэрэгъуэхэм щефІэжІщ, апхуэдизри зэрытемыгъэкІуауэ ираГъэуэри, «Спартак-Налшык» и дежкІэ хуабжьу зэрыгугъуным шэч хэпылъкъым. ЩыкІуэгъуэм и 3-м ар Владикавказ кьалэм щыІущІмущ зяІэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъэхэм ящыщ икіи премьер-лигэм зыгъэзэжьыну быдэу зи мурад «Алания»-м.

ЖЬЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и яп дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	«Мордовия»	20	13	3	3	32-13	43
2.	«Алания»	20	12	4	4	27-13	40
3.	«Арсенал»	20	10	4	6	33-21	34
4.	«Шинник»	20	10	4	6	26-23	34
5.	«Уфа»	19	9	4	6	22-20	31
6.	«Луч-Энергия»	20	8	4	6	20-10	30
7.	«СКА-Энергия»	20	8	6	6	19-19	30
8.	«Енисей»	20	8	6	6	21-23	30
9.	«Торпедо»	20	8	5	7	18-14	29
10.	«Газовик»	20	7	8	5	23-19	29
11.	«Салют»	20	6	7	7	21-16	25
12.	«Балтика»	20	6	7	7	19-20	25
13.	«Сибирь»	20	6	6	8	20-27	24
14.	«Химик»	20	6	6	8	16-28	24
15.	«Спартак-Налшык»	20	5	9	6	17-22	24
16.	«Ротор»	20	4	8	8	17-21	20
17.	«Динамо»	20	3	6	11	12-30	15
18.	«Нефтехимик»	20	2	8	10	17-22	14
19.	«Ангушт»	19	3	2	14	16-35	11

Ялъэгъуахэм, къызэрагъэгугъахэм щогуфІыкІ

● Пресс-конференц

«Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыІухауэ хамэ къэрал щыпсэухэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэм и ныбжьыгъуэмрэ я ассоциацэ» къыхигъэпэщыным, КъБКъУ-м и махуэшхуэр гъэтэрпІэным теухуауэ Налшык щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм хэтащ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я ЩІыкІуэхэм нэгъуэщІ хэку зыбжанэм кьиКІаХэр. Аэр Краснодар крайм ираГъэблагъэри, а щІыналъэр маухущкІэ къызэхащІухьащ. А Іуэхугъэхэр зэрекІуэкІам, ди хьэщІэхэм я ІъэгъуаХэр къаэрыщыкІэ къызэгъэпэщыным теухуат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Къарэмырзэ Барэсбий и жэрдэмкІэ иджыблагъэ екІуэкІа пресс-конференцыр.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуэхыа Къарэмырзэ Барэсбий журналистхэр кІэщу щыгъуазэ ящІащ Тыркум, Йорданием, Сирием, Израилым, США-м, Хьэрыпэ Эмират Зэгъэтхэм, Палестинэм кьиКІа гупхэм адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу щІыпІэхэр зэрырагъэльэгъуам ихэр къыщыдэтеувыІа дэтхэнэ зэгъэгумэ абыхэм гуапэу кьаэрыщыІущІам, ар гукъинэж зэращыхьам.

Журналистхэм я ящэ упщІэр теухуат «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къзэыІухауэ хамэ къэрал щыпсэухэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэм и ныбжьыгъуэмрэ я ассоциацэ» къызэрагъэпэщагъэщІэн.

- Мы зэгухьэныгъэр сэбэп хуэхъуфыну хамэ къэралхэм щыщ студенту ди университетым къызэуэтэнхэм я бжыгъэм хэхъуэным?

А упщІэм и жэуап ректорым жиІащ мы зэманым университетым и лэжьыгъэр интернационализацэм хуэунэтІауэ зэрнухэр.

- Ар ди зэманым кьытхуигъэув кьаІэн нэхъыщхьэхэм ящыщ икІи абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыпхъэу ди пащхьэ идгъэувэжкэр дгъэзэщІэнымкІэ щІэтэкъуэн кьытхуэхъуну кьызэльытэ кьызэдгъэпэща ассоциацэр. жиІащ ректорым. - Абы зэщІигъэуІуэнущ дзэнэкІи щыпсэу ди лъэпкъэтэу щІалэгъуалэр икІи сэбэп яхуэхъунущ абыхэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзыгъэгъуэтыну жэрдэм зыщІэм я мурадыр кьеХуЛІэнымкІэ.

Норданием щыІэ Адыгэ Фіыщ!э Хасэм хэт Нэгуэр Зиуар къыщІигъуащ я адэжь щыналъэм щеджэным щІэхъуэпс щІалэгъуалэр куэд зэрыхьэр нкІи Налшык щІэныгІэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтыныр кьаэзрехъулІэм, щэч хэмыІтъу, университетым къэралщыІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и фІыгтэ зэрыхэтыр. Зиуар зэрыжиІамкІэ, Адыгэ Фіыщ!э Хасэр хъарзынэу долажьэ УФ-м и посольствэу Норданием щыІэм нкІи хэкужьым хуаІэ пыщІэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэнымкІэ ар сэбэп яхъу.

Журналистхэр зыгъэпІейтейхэм ящыщІт Сирием щекІуэкІ зауэр. Абы щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм идкьыпсту я Іуэху зытетым щыщІэупщІэм, а къэралым кьинкІыжа Кьущхьэ Нэдим жэуап кьариитащ:

- Сирием адыгэу щыпсэуэр минн 100 - 120-м нэсырт. Хэхэсу хамэ къэрал дис щхьэкІэ, пщІэпшхэ кьыщытхуащІырт. Зауэ гуащІэм кьыхэхута ди лъэпкъэгъуэхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ гуэвдзэгъуэ, ялъэгъуащ. ПІы хэлъхьам: дригъэшащ хэхэс гъащІэм, ди хэку дгъуэтыжауэ, мамыру дыпсэну дыхуеинщ. Урысей Федерацэм къэзыгъэзэжьафхэм я насыП текІуащ, ауэ адэкІэ къэнахэм я Іуэху зытетым псори дрогузавэ. Дамаск дэт Хасэ Анэкіэ дыІэджэр зэрыльэкІкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуохъу ди лъэпкъэгъуэхэм, адрей кьалэхэм щыпсэуэхэми яльэІэс. Дзэпыкьуэгъу нэхъыщхьэу ди плъапІэр УФ-ращ нкІи дыщогугъ лей кьызытехуа ди лъэпкъэгъуэм щхьэпэ яхуэхъун лъэбакъуэ Урысей къэралыгъуэм ячыну.

КьБКъУ-м журналистхэр щагъэхьэзыр и кьудамэм и студент пщащэм кьишІэну хуейт хамэ къэрал щыпсэужьэ Адыгэ Фіыщ!э Хасэхэм анэдэлъхубзэр хьума хъун папщІэ ялэжьхэр. Германием щыпсэу ХьэщІэщІыкІу Адэнан абы и жэуапу жиІащ балигъ хъуху езыми адыгэбзэр зэримыщІар. Абы нигу кьинтэкІыжащ Иорданием нкІыу нэмыщІ щІыналъэр псэупІэ щищІам, адыгэбзэкІэ псэльэф щІыху зыбжанэ кьинтьуэту Адыгэ Хасэ кьызэригъэпэщащэу зэрыщытар. Адэнан кьызэрилъытэмкІэ, сабийхэр Хасэм кьашэурэ бзэр ираГъащІэу зэрыьэтрауХуам мыхьэнэшхэу нІэщ я анэдэлъхубзэр яІэщІэмыхулъмкІэ.

Адэнан и псалъэм кьыпищащ Нэгуэр Зиуар:

- Си адэм зэрейт: «АдыгэкІэ уэрджэнур анэдэлъхубзэ зыщІэракьым, атІэ а бзэр и быным Іурыльылъхэфырщ. Бзэр хьэщІэщ ираГъуащ зи кьалэныр, ар зыщыдвмыГъэгъупщэ».

- Латин хьэрфхэмкІэ ди бзэр едгъэджу щытащ Хасэм кьеКІуалІэхэм, - адэкІэ кьыпещэ щІэныгъэхэм, Хэкужьыр куэд щІауэ псэупІэ зыхуэхьужахэм ящыщ Кьумыкьу Мамдухь. - Хэкужьрэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъ нахуэ хъуэ нэужь, адыгэбзэкІэ кьыдэкІа тхыльхэр нытІэрыльхэ хъуащ икІи Іуэхур абы нэхъ тынш кьытщищІащ. Хэхэс щІалэгъуалэм ящыщу машІэ дыдэхэ анэдэлъхубзэр мы зэманым зыщІэжьыр, абы нкъукІэ дегъэгузавэ.

ХьэщІэхэр Краснодар крайм щыщыльхэщІам ялъэгъуахэр къаэзэрыщыхъуамкІэ, нэхъ ягу кьынжьажэмкІэ къызэхуэсахэм ядэгуэшэну щІэльэІуащ журналистхэр. Кьумыкьу Мамдухь и Жэуапым хэлъагъуэрт и нэгу щІэкІам зэрыщыгуфІыкІамрэ зэрыригушхуэмрэ.

- Шапсыгъхэм я псэукІэр нэхъапэкІи слъэгъуат, ауэ иджы сыт и лъэныкъуэкІи зэрызихъуэжам гу лъыботэ. Цыху мащІэ фІэкІа мыхьэ лъэпкъэр адрейхэм яхэмыщыйсыхьыжу кьызэтенэным ухуэнэтІауэ УФ-м щыІэ программэм хагъэхьащ шапсыгъхэри. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ хъуэрыгушхуэ ящІ, ядэзтІыльэ абыхэм нкІи щэнхабзэм лъэпкъыр кьызэрихьумэфынур хьэкъыу спхыкІауэ зэжащ, - жиІащ Мамдухь.

Абы и псалъэм кьыпищу ХьэщІэщІыкІу Аднан жиІащ Краснодар крайр лъэпкъ зэмыльэужьыгъуэхэм я щэнхабзэр зэхуэхуэнауэ, зэдгъэгъэгъэу зыщагъэ щыналъэу зэрыщытыр нкІи апхуэдэ нэгъуэщІ зы къэралри зэрыщыхуэмызар. Лъэпкъ куэд щыхэдзэгъуэу щІыналъэм щекІуэкІ къэрал политикэр зэрытэмэмым яльэгъуэр и щыхьэтэу зэрыщытыр къыхихыщІащ Аднан.

Я адэжь хэхуэ къызэзэжьыныр зи хьэупсапІэ ди лъэпкъэгъуэм папщІэ къэралым ялэжьыныхэм ехьэлІауэ Къарэмырзэ Барэсбий жиІащ гупэр Козак Дмитрий щыІущІам, а Іуэхугъуэм ехьэлІауэ программэ щыхъуэ УФ-м къызэрищтэнур и псалъэм къызэрыгъэщащ. Апхуэдэ проект зэхащэ мыгувэу зэхалъхьэнур нэхъыфІу къаІытэр къыхахынущ.

- Ар икъукІэ уэшыцыгуфІыкІын хьыбарщ нкІи дэрэ къаруурэ зэфІэкІыу диЗэр етхьэлІэнущ ди лъэпкъэгъуэм яхудиІэ пыщІэныгъэхэр нэхъри быдэ хъуным. КъэунэхуагъащІэ ассоциацэм и кьалэн нэхъыщхьэ щытыныр ари аращ, - кьыщІигъащ Къарэмырзэм.

● БэнэкІэ хуит

Республикэм щынэхъыфІхэр

Бахъсэн кьалэм и сабийныбжьыщІэ спорт школым щекІуэкІащ спортым и мастер Дибировым Курбан и фэепльэу бэнэкІэ хуитымкІэ къызэрагъэпэща зэпеуэр.

ХЬЭЛЪАГЪ зэхуэмыдэу бгъум щызэпеуащ Налшык, Бахъсэн кьалэхэм, Шэджэм, Аруан, Дзэлыкъуэ, Лэскэн щІыналъэхэм я спортсмен 80-м нэблагъэ.

Дэтхэнэми кьигъэлъэгъуащ и Іэзагъэр, текІуэныгъэм ерыщу зэрыхущІэкъуфыр, ауэ псом хуэмыдэу кьыхэжаныкІащ хэгъэрейхэр. Хьэльагъэхьым пашэныгъэр кьыщахьри, бахъсэндэс бэнакІуэхэр щытекІуащ гуп зэпеуэм. ЕтІуанэ увыпІэр яубыдащ Лэскэн щыщхэм.

НыбжькІэ нэхъ щІалэ дыдэу зэхьэзэхуэм хэтар Дибировым Курбан и кьуэ Муратщ. Ар Бахъсэн кьалэм дэт ещанэ курыт школым и ебланэ классым щІэсщ. Мурат кІэух зэпеуэм щебэнащ Балъкъэрэ Исльам икІи зэрынэхъ лъэщыр кьиГъэльэгъуащ.

Зэпеуэр зэрекІуэкІым кІэльыпльащ спортсмен щІэрыІуэхэр: судья нэхъыщхьэр УФ-м щІыхь зиІэ и тренер ЗэкІурей Николайщ, абы дэІэпыкъуэгъу ящІащ спортсмен категорие зиІэ судья Хьаныуэ Асльэн. Бахъсэн дэт сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и унафэщІ БжькІий Асльэн, СССР-м бэнэкІэ хуитымкІэ и чемпион, спортым и мастер Іэюб Асльэн сымэ.

ДРОГУЭ Артур,
Бахъсэн кьалэ щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ!апІэм и лэжьакІуэ.

● Хъуэхъу

Дол Азэмэт къыщалъхуа махуэщ, илъэс 25-рэ ирокъу

КуэдкІэ дызыщыгуГъ ди щІалэ гъэфІэным Саратов юрист Іэщагъэр щызригъэгъуэтащ, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм лэжьэн щыщІидащ.

Азэмэт, илъэс 25-рэ бжыгъэ дзэм щыщІэса махуэщ нобэ. Ди щІалэр псэ кьабзэр, гумащІэр балигъ гъащІэм ЗыбжьдкІэ ухьхьауэ кьыдолытэри, уэшыщагъэ, дрэжэгъэуэ мыкІуэщІ. Гукъыдэж дахэ уиГъу, нэхъыжьхэм я жьауэм уэшІэту, нэхъыщІэм чэнджэщ ептыфу упсэну, пщІэрэ щІыхьэрэ зыхуэфащэ лъэпкъыпІ кьыпхэкІыну ди гуапэщ. Уи Іэщ!агъэм и хьэр пльагъуэ, уи пщІэр лъагэу, уэзыхуэйр къохьулІэу, уи вагъуэр уэгум иту, уи щэнымрэ акъылымрэ санэхуафэр хуаІэту, щІыхуГъэр къыбдэбагъэуэ, гуфІэгъуэ кІэнщэр уи Іэпэгъуу, уи гъащІэр насыпрэ бзиГъэкІэ ІэнщІауэ Тхьэм унгъэпсэу!

Фіыуэ укъэзылагъу уи анэшхуэ Цоцо, уи адэ Анатолэ, уи анэ Маринэ, уи адэ шыпхъуэхуэ Роэзэ, Рае, уи къуэш Астемыр, кьыбдалъхуахэр Лацэ, Залинэ, Заремэ.

ЗэІущІэ нэужьым

ДМИТРИЕВ Сергей,
«Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Зыри я мыхьэнэкъым

- УзытепсэльыхьыкІи щыІэкъым. Ди Іуэхуэхэр щІагъэуэкъым, дгъэджэгуи диЗэкъым - аращ Налшык футболист щыщІупІ фІэкІа къыщІыгъдэдмыщар. Ящыныкъуэхэм закъыфІэщІыжащ, къалэ чемпионатым зэрыщыдджэгун зэфІэкІ ябгъэдмылъыну.

Я улахуэр ямыгъэгувэу мазэ къэс кърат, зэІущІ ноужьхэм саугъэтхэр хуатх. Сыт нэгъуэщІ зыхуейр?

ШЫПІІ Тимур,
«Спартак-Налшык» и тренер нэхъыщхьэ:

Гъэгуанэ гугъу зэпачами...

- СызэригугъэмкІэ, мы текІуэныгъэм дэ кьыддэщІ псори щыгугъ!ыкІащ. АбыкІэ щІалэхэм фІыщІэ яхузощІ - иужьрей махуэхэм гъэгуанэ гугъу зэпачами, джэгуакІэфІ кьагъэлъэгъуну яхузэфІэкІащ.

- Фэбжь зыгъэутахэм я Іуэхуэхэр дауэ ящІ?

- Лупым и лъакъуэр операцэ хъэлъэ Мэзкуу щащІащ икІи къызэфІэувэжьыным мазипІ-кІы ихьыну жаІэ. Джудовичи илъэсыр иухьыкІэ ущІыщыгугъын щыІэкьым. Абы щыгуэуми Овсиенкэ хьужащ, Аверьяноври кьытпыхьэжащ. Рухайа кьызэфІэувэж хуэдэу хьуат, ауэ аргуэру фэбжьым зыкъриГъэщІэжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм хэтхэр, УФ-м ис адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием щыщхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я лэжьакІуэхэр хеттолог цІэрыІуэ, ЩІДАА-м и академик **Чурей Алий** хуогузавэ и къуэш **Чурей Хъейдар** дунейм зэрехьжам къыхэкІыу.

Лъэпкъ Іуэхум игъэпІейтейхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Сириемэ адыгэу мини 120-м нэблагъэ исщ, аэр район зыбжанэм игуэшащ. Зауэр къызэрыхъейрэ адыгэ 150-м щІигъу яуклащ, куэд уІэгъэ хъуауэ сымаджэщхэм щІэлъщ, - къыпищащ Акрэм и псалъэхэм. - Адыгэ къуажэхэр щыІащ зы цІыху дэмысыжу (Барекъэ, Бираджэм, Мэрдж-Сультан, Хъэнэсир, н.), аэр гузэвэгъуэм зобгрищащ, нэхъыбэр Дамаск Іэпхъащ, хамэ къэралхэр тІысыпІэ ящІащ. Куэдым я унэ-пьапсэхэр мафІэ лыгъейм хихьащ, зи мылькур зыщІэжаи яхэтщ. ЦІытькІэ гугъу иг цІыхухэр нобэкІэ куэдщ. Сэ къызідсэхьащ иджыри къэкІужьыну хуей цІыху гупым я цІэ-унэцІэр зэрыт тхылъыр. Абыхэм яхэтщ къызэрыкІуэжькн ахъшэ зимыІэ, паспорт къудей зымыІыгъэхэри. Лей хъатохьэ Сириемэ щыпсэу адыгэхэм. Аэр политикэ фІейм, Іуэху мыхъумыщІэхэм хашэну иужь къихьащ. Ауэ адыгэр Іущу къыщІэкІащ, зытета гъэугум текІакъым, я гупсысэкІэми епщыжакъым.

Дэ Урысеймэ ди гур хуэкъабзэщ, Сириемрэ Урысей Федерацэмрэ я зэпыщІэнигъэр нэхъ быдэ зэрытщІынум иужь дитщ. ДАХ-м и зи чэзу зэхуэсым ди гъэугур нэхъ тынш, ди зэпыщІэнигъэхэм сэбэн нэхъ къызэрикІынум теухуа унафэ пыухыкІэхэр къыщыштщэну къытщогугъ сэ сыкъызыхэкІа, бэлыхьышхуэ хэт ди къуэшхэр.

Гугу Акрэм щхьэхуэу къытеувыІащ зи щхьэр мафІэм хэль адыгэхэм я гугъуехьыр ящхьэщыхьн, нобэ зыгъэпІейтейхэр зэфІэха хъун папщІэ зэфІэгъэкІыпхъэу къиплъытэхэм. Абыхэм ящыщу Сириеми къикІыжу Урысейм къэкІуэжыну хуейхэм я визэр ДАХ-м иригъэжь кьеГъэблагъэ тхылъымкІэ нэхъ псынщІэу, ахъшэ куэд темыхуэу зэтраублэну; УФ-м игъакІуэ кхъухьлъатэхэм паспорт зымыІыгъыж адыгэхэр къашэжыну ягурыІуэныр; хэкум къэкІуэжахэм ящыщу илъэс ныкъуэ лъандэрэ зи тхылъ зэфІэмыкІахэм дэІэпыкъуэгъу яхуэзыхьыр, шэшэн, дагъыстэн, ингуш, нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэри, Сирием зэрисым ипкъ иткІэ, я зэфІэкІ зэхалъхьэу абыхэм дэІэпыкъуэгъу яхуэзыхьыр; КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Краснодар крайм и Іэтащхьэхэр хэлІыфІыкъу Щ1ам щыпсэу ди лъэпкъэгъуэр, УФ-м къэрал Іуэху ищІу, нэхъ еужьэрэкІыу къашэжыныр; Къэбэрдей-Балъкъэрым къэІэпхъуэжахэу санаторэ, турбазэ щІэсхэр щІымахуэр къэмыс щІыкІэ унэхэм ягъэІэпхъуэныр; Сирием ирагъэхь ахъшэр щІыхэм я щІэкІэ яутІыпщащ. Зауэр къызэрыхъейрэ адыгэ 150-м щІигъу яуклащ, куэд уІэгъэ хъуауэ ди лъэпкъэгъуэм нэхъыбэ дыдэу ядэІэпыкъуфынур хэкум исхэр зэрыларар. «Иджыри къэс ящІари мащІэкъым, ауэ зи псом гузэвэгъуэ телъхъэм еужьэрэкІыу ядэІэпыкъуэгъу. КІуэтэху къэхьибэ хэкІуэдэнуращ. Сэ кьалэн гъэсэн хэкурыдыгъэ пщІэдэлъхьэу аракъым, дари сэткІи дэІэпыкъуэгъу дихьынущ, ауэ унафэр къэщтэн хуейми, дэІэпыкъуныгъэр къызэгъэпэщІыпхъэми, хэкурысхэращ нэхъ зэфІэкІ зиІэнур», - пищащ Къущхьэм.

Исми и псалъэхэр дыкІыжьу къэпсэльащ **Къардэн Бадыри** (США), абы къыхигъэщащ лажьэ пэпхъэ ямыІэу, «джэдыІэм здихьа бабыщу» ди адыгэ тІэкІур Сирием зэрыщыкІуэдыр и гум зэрыщІыхьэр.

Къущхьэ Догъэн (Истамбул) къытеувыІащ Сирием икІыу Іуэхум я ІуэхумкІэ бжыгъэм 700-м зэрыдгъэкІар, хэти мелуан хъуауэ зэрыжиІэр.

- Гузэвэгъуэ хэхуауэ Тыркум зи щхьэр къезыхьэлІэ дэтхэнэ цІыхуми шатырым щІегъэтІысхьэ къэралым, гугъуехь лъэпкъ пымыльу. Дэ КАФФЕД-м адыгэ цІыку 1500-р унэхэм щІэдгъэтІысхьащ, аргуэру иджыблагъэ унагъуэ 25-рэ шэтырэм щІэсу къыкІуэжІащ, ахэри зыхуей хэзгъэзащ, - къыхигъэщащ Догъэн.

Хасащхьэм хэт **Гуэбэщ1ыкІ Владимир** КъБР-м я Іуэхур зэрыщыщытым нэхъ убгъуауэ къытеувыІащ. Абы къыхигъэбеладжьылыкІащ унагъуэу тІысахэм я Іуэху хъарзынэу зэрыдгэкІыр, джэдж, къази, быламы зэраІэр, щыгъынкІи, Іэнатіэкіи я нэхъыбэр зыхуэи хэзэгу зэрыпсэкІр, кІуаждж зэмылІэужьыгъуэхэм хэгуэшауэ, я гъэнэгъуэми ягурыІуэу, и щхьэ Іуэху зэрахуэжу адэжь щІынальэм щекІуэкІ гъащІэм зэрыхэсыхьар.

ДАХ-м и япэ вице-президент, КъБКъУ-м и проректор **Къэжэр Артур** тепсэльыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр щІалэгъуалэм зэрыдэлажьэм. Абы къыхигъэщащ, а Іуэхум теухуауэ иджыпсту нэхъыщхьэу япэ ирагъэщІыр Сирием къикІыж ныбжьыщІэхэр ещанІэхэм щІэгъэтІысхьэнкІи зэрыларар. Абы кьыдэкІуэу щІалэгъуалэр нэхъ зэрыубыдыни, зэгурыІуэн, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэкъуэузвэн папщІэ лэжьыгъэ куэд зэрыраГъэкІуэкІыр къыхигъэщащ къэпсальэм. Университетым зэрыщІагъэтІысхьэ, зэрыщрагъаджэ хабзэхэм щатепсэлъыхьым, Къэжэрым жиІащ къэрал унафэм ебэкъуэну зэрыхуимытыр, ауэ, Іэмал зэриІэкІэ, хамэ щІыпІэхэм къикІа ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ зэрагъэгъуэтыныжкІэ ДАХ-ри КъБКъУ-ри сэбэн зэрыхъуэ.

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ 2014 гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъум ипкъ иткІэ зэрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я гугъу щищІым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** къытеувыІащ мы Іуэхум ехьэлІауэ яГъэзэщІэну я мурад зэхалъхьа, Іуэхугъуэ 32-рэ хъу программэм къыщыгъэлъэгъуэхэм ящыщу и ныкъуэм нэхърэ нэхъыбэр зэрызэфІэкІар, адрей щІынальэхэм къыдащІыгъуэхэр зэрагъэзащІэр.

- Япарауэ, ДАХ-мрэ «Бум-Банкымрэ» Хьэтхъуэ Самир и «Адыгэм и тхьдэ кІэщІыр» къыдэкІыным хуэхьэзыр хъуащи, куэд мыщІэу дунейм къытехьэнущ. ДАХ-м къикІуа гъэугуанэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Мариноу и тхьэ илъэс ныкъуэ и пэкІэ къыдэкІащ. Къудащ Елбэздыкъуэ къызэрыхъурэ илъэси 100 зэрырикъуэм теухуауэ Іуэхугъуэ щхьэхуэр догъэхьэзыр, абы теухуа газет къыдэдгъэкІынущ, щыІэ тхылъри зэдгъэщэщІжу, щІэуэ хъыдэдгъэкІыжыну ди мурадщ, - жиІащ ХьэфІыщІэм. - КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Шапсыгъ щыІалажьэ Адыгэ Хасэхэр дызэхихьэу мы Іуэхум теухуа бгъэхэлуэр, сурэтхэр, биостхэр дгъэхьэзырыну ди мурадщ. КъищынэмыщІауэ, мы хьэнэшхуэ иІэу къызолытэтэ «Адыгэхэм я гуауэр дунейпсо гуауэщ» дэфтэрэр зи лъабжьэ фильм техьныжи. Ди унафэщІхэр къыддэІэпыкъуурэ, хэкум и щІынальэхэри хамэ къэралхэри къызэхэткІухьу, Урыс-Кавказ зауэм къыркІуар, абы зэбгридза щэрджэсхэм нобэ я псэукІэр, гупсысэкІэр къызыхъщ зы фильм тетхамэ, хуабжьу щхьэпэ хъунут. Лохвицкий Михаил и повестым къытращІыкІа «Уафэм ГъэрІуэгъуэ макъ» спектаклым Фырэ Руслан игъэувауэ ди республикэми, Къарэшей-Шэрджэсми щагъэлъэгъуауэ щытащ, етІанэгъи ар ди театрым щагъэлъэгъуэныр къызэгъэпэщІыпхъэу къыдолытэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм игъэхьэзыращ. «Дэ куэд щІауэ щэрджэскІэ къыдоджэ» тхылъыр, адыгэхэм я къэкІуэкІыкІам, я тхыдэм, хабзэм теухуа тхыгъэ, сурэт куэд дыдэ иту, ар и чэзум кьыдэкІыну дыщогугъ. «Адыгэхэр - Балканхэм» зи фІэщыгъэщІэ тхылъыр сурэт гъуэгуанэ куэд иту егъэхьэзыр Къущхьэ Догъэн.

Том куэд хъу тхылъхэр, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд игъэхьэзыра «Черкесика» серием хигъэхьэнухэр, фэеплъ сын яГъэувынухэр, махуэгъэпсэхэр, журналхэр, адыгэ газетхэм я номер зэгуэтхэр къыдагъэкІынныр, дунейпсо щІэныгъэ конференц игъэкІуэкІын зэрыхуейр, нэгъуэщІ куэди къигъэлъэгъуащ БХАХ-м и тхьэмадэм. А псом нэмыщІ, ХьэфІыщІэм зи гугъу ищІэхэм ящыщщ «Адыгэ хэкэсхэр» музейр къызэІухьэн зэрыхуейр. Илъэс 43-рэ ІьандэрэІ езым зэхуихьэса экспонат мин 20 хуэдиз хъу хьэпшІэхэр е щхьэхуэу, е Лъэпкъ музейм и зы пэш хухахыу къызэгъэпэщыныр и хъуэпсапІэщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм. Абы кьыхигъэщащ ар езым и фэеплъу игъащІэкІэ адыгэхэм кьагъэсэбэну яІэну, музей хъуну зэрыхуейр.

Мухьэмэд и псалъэхэм кьыпащэу Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Шапсыгъ щыІалъэм щрагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэм, зэфІагъэкІахэм тепсэльыхьащ **Шэрджэс Мухьэмэд, БэгъушІ Іэдэм, КІэкІыхъу Мэжид** сымэ.

Профессор **Унэж Кашиф** кьыхигъэщащ мы Іуэхугъэр адыгэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм, ефІэкІуэныгъэм теухуауэ зэрыщытыр хэт и дежкІи зэрыгурыІуэгъуэр, ауэ, адыгэхэр щІыпІэ псомкІи къызэрыщамыІуэкІ иткІэ, 2014 гъэм Сочэ щІегъэжьауэ Москва нэс, Урысейм и нэхъ кьалэшхуэхэм щэрджэсхэм я щэнхабзэм, гъэздэжьм теухуа Іуэхугъуэхэр щагъэкІуэкІыныжи кьабылу кьыхэриІыытэр.

Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум иращІэкІыну дауэдапщэхэм хагъэхьэзэ фІэиІуэу, **Хъуажь Фахъри** кьыхилъхьащ КъБР-м и Правительствэм и гупэм Къэзаноковым Жэбагъы и фэеплъ сын яГъэувын хуейуэ. КъищынэмыщІауэ, абы жиІащ Кавказ щІэныгъэ хэхуэтэнигъэхэмкІэ фондым етІанэгъэ Іуэхугъэ Дунейпсо конференц зэрыщригъэкІуэкІым ипкъ иткІэ, абы яГъэкІуэну щІэныгъэлІхэр, Іэщ1агъэлІхэр кьыхэхьи зэрыхуейр.

ДАХ-м Урысей Федерацэмрэ УФ-м и Олимп комитетымрэ я Іэтащхьэхэм зэрызэхуэгъэзам кьарикІуахэм щытепсэлъыхьым, **Сахъурокъуэ Хьэутий** кьыхигъэщащ Олимп Джэгуэхэр кьыщыщІэуахкІэ хэтыну пъпкъхэм щы Іыхьэхэр щыхуэгуэшкІэ адыгэхэми кьаззрыпысынур, ар дахэу, екІуу зэгъэпэща хъун, шэрджэсхэм я щыІэкІэ-псэукІэр, тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр, къежІэкІыкІар, иджыри лъэпкъ уардэу дунейм зэрытетыр кьыхэхъщу щытын папщІэ, щІынальэ псоми зэгурыІуауэ зэдгъэхьэзырыныр нэхъ зэрыфІэтэмэмыр. «Иджыри къэс Іуэху хъарзынэ зэфІэкІащ, дяпэкІи ар зэрыдгъэкІуэтэнум, кьыдзэрыхэдгъэхъэнум ижь дитынущ. Іуэхур кьыщежьам кьыщэрытхущытамрэ иджы кьызэрыдбгъэдэт Іыхьэжь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КІыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ 2014 гъэм илъэси 100 зэрырикъум щытепсэлъыхьым, **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** жиІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм ДАХ-р, КъАХ-р я гъэсэу Іуэхугъуэ пыухыкІахэр иригъэкІуэкІыну зэрамурадыр. Абы хэтынущ КІыщокъуэм и Іэдакъэщ1экІэхэр щыІэзэхуэхьэса тхылъипщІ хуэдиз кьызэрыдгъэкІынури. КъищынэмыщІауэ, 2014 гъэр дунейм псом КІыщокъуэ Алим и илъэсу гъэувыныр ДАХ-м кьыхилъхьэныр зэрыфІэигъуэр жиІащ Мухьэмэд. Абы арэзы техьуащ Хасащхьэм хэтхэр.

ДАХ-м и мылъку зегъэкІуэкІэмрэ Уставым кьыщыгъэлъэгъуаэкэр зэригъэзащІэмрэ къэпщытэным кьырикІуахэм тепсэльыхьащ **Къуэдзокъуэ Анатолэ.**

Иджыблагъэ Мейкъуэпэ щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо зэпеуэр кьызэрызэгъэпэщащ, абы адыгэ щІэблэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр, пщащэ губгъуэхэр, Іэдэбхэр, акъыл жанхэр дызэриІэр кьыхигъэщащ зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым яхэта **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд.**

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и ныбжьыр 2013 гъэм илъэс 80 зэрырикъум ипкъ иткІэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыхилъхьащ мы къэракІуэ гупым ДАХ-м кьыбгъэдэкІыу «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ» («Национальное достояние адыгского народа») цІэр фІащащ. «Къэралым и тыгъэ, щІэ лъапІэ псори зиІэ, зи илъэс 80-р зыгъэпІапІэ ансамблым апхуэдэ гупыитэ лъыдгъэсэныр къэзгъэшу кьыхэолытэ», - пищащ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд.

НэщІэпыджэ Замирэ,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и къуэдзэм и унафэщІ.

Зэіуцірэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий ирегъэкІуэкІ. Абы къыбгъэдэсщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

Къардэн Самир Иорданием и сенатор зэрыкъуэмкІэ йохъуэхъу.

БэгъушІ Іэдэм, КІэкІыхъу Мэжид, Шэрджэс Мухьэмэд.



Аслъэн Алий, Нэпсо Нихьэт, Хэкужь Іэдэм.

Унэж Кашиф, Іэдэмокъуэ Альберт, Мэшхуэфі Нэждат.



Сэхъурокъуэ Хьэутий бгъэдэтщ США-м кьикІа хьэщІэхэмрэ Сирием кьикІыжа ди лъэпкъэгъуэхэмрэ.

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд Сирием кьикІыжа ди къуэшхэм яхэтщ. *Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къущхьэ Исамрэ Къардэн Бэдырра.

Гугу Акрэмрэ Бырсекъуэ Орфанрэ.

Хъуажь Фахъри.

Шыгъэлыгъуэ Уэздид.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ, епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Ленриным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.757
Заказ № 2729